

Mesaj Prezidan an



Byenveni nan premye nimewo pou Moun ki asire nan Citizens.

Bilten nouvèl sa, nou ofri chak trimès, nou espere ou pral jwenn li itil antanke kliyan Citizens, konsomatè asirans ak youn nan plizyè milyon ki abite nan Florid pandan omwen yon pati nan ane a.

Asirans pou pwopriyete kapab konplike. Yon pati nan objektif nou, se ba ou plis enfòmasyon sou fason asirans fonksyone ak kòman li afekte w nan yon nivo pèsònèl. Mache a ap chanje byen vit epi li fasil pou ou bwouye.

Nou planifye pou kenbe ou enfòm sou Citizens epitou ba ou yon pwendvi sou pi gwo tandans yo nan sektè asirans lan ki pafwa konn nan gwo tit jounal yo.


Avèk sezon siklòn lan ki sou nou, premye nimewo yo pral konsantre sou preparasyon ak repons pou siklòn.

Nou pral bay rapèl sou kouvèti yo, enfòmasyon pou kontakte nou ak konsèy pou benefisye ni kliyan la depi

lontan yo sa ki la pou premye fwa ak Citizens oswa ki retounen ak nou sot nan yon konpayi asirans prive.

Nou pa pral toujou serye konsa. Nou pral eseye anbeli l ak kèk pla pi lejè: Nan nimewo sa a, nou te reyini kèk resèt ki pa mande pou kwit manje oswa ki ka fasilman prepare sou yon gril babekyou, recho kan oswa bwa dife si ou rive twouve tèt ou san kouran apre yon tanpèt.

Nou swete ou yon sezon dete agreyab e san danje pandan ou retounen nan fè plis nan bagay ki fè Florid yon trè bon kote pou moun viv. Ekip Citizens nou an ap la lè ou bezwen nou.



Barry Gilway
Prezidan, Direktè Jeneral ak Direktè Egzekitif Citizens

Sezon siklòn lan rive sou nou: Se pou w gen yon plan



Meyè fason pou pwoteje fanmi ou pandan yon tanpèt vyolan se pou w gen yon plan an plas anvan van yo kòmanse soufle. Citizens rasanble plizyè resous pou ede ou prepare ak pou gide ou nan pwosesis rekiperasyon an.

Pou kenbe ou enfòm, Citizens te asosye avèk Rezo Ijans Radyo Piblik Florid (Florida Public Radio Emergency Network, FPREN) pou pote nouvel ki pi resan yo sou kondisyon meteyo katastwofik ki afekte zòn ou an. Apre yon tanpèt, ou ka tande mizajou FPREN yo sou estasyon radyo piblik yo ak sou sit entènèt mobil [Florida Storms](#).

[Sit entènèt Citizens](#) lan gen ladan tou yon karakteristik [fil nouvel Trakè Tanpèt](#), ki founi mizajou an tan reyèl [Sant Siklòn Nasyonal](#) la dirèkteman nan Desktop ou ak aparèy mobil ou. Citizens ofri tou enfòmasyon sou preparasyon ak repons tanpèt an pasan pa [Facebook](#) ak Twitter nan [@citizens fla](#).

Nan sezon siklòn 2021 an k ap pwoche, moun ki asire yo ta dwe:

- Prepare [yon kit pwovizyon pou katastwòf](#), aprann [wout evakyasyon](#) ou, epi devlope yon [plan kominikasyon pou fanmi](#) an ki gen ladan enfòmasyon pou kontak dijans yo. Pa bliye kreye yon [plan pou bèt lakay ou yo!](#) Se pa tout abri dijans ki aksepte bèt kay.
- Foul machin ou ak gaz, antre mèb jaden yo epi netwaye lakou w pou minimize debri k ap vòltije.
- Repase kontra asirans ou pou aprann dediktib ki aplikab yo. W ap jwenn enfòmasyon [jeneral sou](#) kouvèti ak [dediktib](#) nan seksyon [Fòmasyon](#) sou sit entènèt nou an. Ou ka rele ajan ou tou pou jwenn èd.
- Enskri nan pòtay kliyan [myPolicy](#) pou wè kontra asirans ou, reklamasyon ak enfòmasyon sou bòdwo ou. Verifye Citizens gen enfòmasyon ajou pou kontak ak ipotèk. Ou


kapab itilize [myPolicy](#) tou pou soumèt yon reklamasyon sou entènèt.

- Asire w tout [enfòmasyon kle sou pwopriyete ak fanmi an](#) (kontra asirans, dosye medikal, dosye finansye, dosye bèt kay, detay idantifikasyon, [envantè kay](#), elatriye) estoke nan yon kote ki an sekirite, ki enpèmeyab e ki fasil pou jwenn aksè ladann.
- Si yo mande pou ou rete lakay ou pandan tanpèt la, jwenn yon kote lwen fenèt yo ak pòt yo pou ou pran abri. Yon chanm enteryè oswa yon klozèt se yon bon espas. Kenbe kit pou katastwòf ou ak dokiman fanmi ou bò kote ou.

Si ou souffri domaj nan pwopriyete ou, sonje [Rele Citizens First nan](#) 866.411.2742 oswa vizite [myPolicy](#) pou rapòte yon reklamasyon. Reprèzantan yo disponib 24/7. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt Citizens lan.



myPolicy: Pran Kontwòl!



Ou vle pran plis kontwòl sou kontra asirans ou ak jesyon reklamasyon yo? Enskri pou [myPolicy](#) epi [Rele Citizens First](#) pou rapòte yon reklamasyon.

myPolicy

myPolicy se zouti sèvis lib moun ki asire nan Citizens yo ka itilize sou entènèt, adapte ak telefòn entèlijan. Yon fwa ou anrejistre, liy Pèsonèl ak Komèsyal yo ka itilize li pou rapòte yon reklamasyon sèt jou sou sèt, 24 èdtan pa jou. Kliyan liy pèsonèl yo kapab tou wè kontra asirans yo a, enfòmasyon sou bòdwo, epi, nan kèk ka, menm fè yon pèman.

Li fasil pou itilize epi asire w yo pral okipe reklamasyon ou byen vit. Sa ka sitou itil apre yon gwo tanpèt. Men, pou w ka pwofite myPolicy, ou dwe enskri.

Rele Citizens First

Ou pa gen myPolicy? Rele Sant Sèvis Kliyan an san frè nenpòt ki lè lajounen kou lannwit nan 866.411.2742. Ou ka rapòte yon reklamasyon bay Citizens menm anvan ou konnen tout dimansyon domaj yo. Citizens ap la pou ede w rapòte reklamasyon ou an.

Lè w ap depoze yon reklamasyon, li itil pou ou fè sa ki annapre la yo, si ou kapab fè sa san danje:

- Pran foto domaj yo
- Pwoteje pwopriyete ou kont plis domaj
- Kenbe tout resi nenpòt reparasyon ak depans

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis reklamasyon yo, ale nan seksyon [Reklamasyon](#) sou sit entènèt nou an epi li bwochi nou an: [Rapòte yon Reklamasyon nan Kat Etap Fasil](#). [Seksyon Fòmasyon](#) sou sit entènèt nou an tou bay divès kalite [bwochi](#) ak [videyo](#) pou ede ou anvan ak apre yon tanpèt.



**Rele
Citizens
First nan**

866.411.2742

Manje pou panse ou



Ant dèlko ak zouti elektrik, gen anpil bagay pou enkyete sou yo apre yon tanpèt. Manje ou manje ak dlo ou bwè ka lakòz pwoblèm tou si ou pa pran prekosyon. Avèk pàn kouran an ak sistèm dlo yo ki petèt kontamine, prekosyon espesyal dwe pran pou asire ou pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont maladi nan manje ak dlo.

Ou pa bezwen pè. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) gen yon pakèt konsèy itil ki gen ladan yon kèk konsiy sou [sekirite manje ak dlo](#) ki trè senp ki ka enprime.

Si gen pàn kouran, règ jeneral la se jete nenpòt ki manje ki te an kontak avèk dlo tanpèt yo, epi apre sa, ale nan gadmanje ou, vize manje ki ka gate yo an premye epi

manje ki konjle yo an dezyèm. Kite pwodui nan konsèy ak pwodui sèk ki gen dire konsèvasyon pi long pou pita. Si ou gen dout, ou dwe bouyi dlo a pandan omwen yon minit.

Apre siklòn pifò chèf kizin yo pral sèvi ak yon recho kan, gril gaz pwopàn oswa plak chofant elektrik (pou moun ki gen dèlko). Sonje byen, se pa tout manje ki bezwen kwit. Panse ak salad, nachos ak sandwich.

Kèk sit entènèt gen atik ki konsakre ak preparasyon manje pou katastwòf. Menm Vil Houston antre nan bagay la. Bon apeti:

[Your Guide to Disaster Cooking: Food for Emergencies](#)
The Spruce Eats

[21 Pantry Recipes for Emergency Preparedness](#)
My Homemade Roots

[The Houston Emergency Preparedness Cookbook](#)

The City of Houston

[Recipe for Disaster: An Emergency Preparedness Cookbook](#)

American Public Health Association

[Hurricane Preparedness: Meal and Menu Planning](#)

UF/IFAS

myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi sou kontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòn](#)



Kisa ki nan Kit Ou an?

Kit Preparasyon pou Siklòn

Kreye kit ou pou siklòn avèk atik ki annapre la yo:



Glas/pake glas ki ka resèvi pou kenbe manje frèt si gen pàn kouran



Flach oswa lanp ki mache ak pil



Twous premye swen otonòm, sa gen ladan medikaman pou bèt kay yo




Manje ak dlo pou twa jiska sèt jou pou chak moun ak chak bèt kay



Radyo bann meteyo pou siveye alèt meteyo yo



Prela oswa fèy materyèl fleksib enpèmeyab pou sizoka kay ou andomaje



Batri ak chajè machin pou telefòn yo ak aparèy mobil yo



Jwèt ak atik jwèt



Founiti ak manje pou bèt kay yo



Lajan kach pou acha apre tanpèt la



Dokiman enpòtan fwaye a (kontra asirans, dosye vaksasyon, enfòmasyon bank)



Yon pwovizyon medikaman preskripsyon pou 10 jou pou chak moun nan fwaye a ak yon lis kontak medikal yo

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kit pou siklòn, ale sou <https://www.floridadisaster.org/planprepare/hurricane-supply-checklist/>

#HurricanePrep

